biykeshim aldı» dep gúman etken Gúlxannıń isenimsizliginiń nátiyjesinde úlken uyatqa qalǵanlıqların qórip, sebepsiz jala jabıwdıń aqıbetlerin kórip nátiyje shıǵarıp sabaq alsaq boladı.

J.Óteniyazovtıń biz toqtalıp ótken gúrrińlerin oqıp analizlew arqalı, onıń turmıstı tereń biliwi onıń jınayat qıdırıw bóliminde jumıs alıp barıp bunday jınayatlı háreketlerdi óz kózi menen kórip-bilip júriwi de jazıwshıdaǵı dóretiwshilik tabıstıń tiykarǵı kriteriy giltleriniń biri bolsa kerek. Jazıwshınıń biz sóz etken gúrrińlerinde waqıyalardıń izbeizligi, turmıstaǵı áhmiyeti sonday isenimli túrde súwretlense, solarǵa qatnasıwshı personajlar menen oqıwshı da úlken sezimtal oylardı basınan keshiredi. Personajlardıń halatın oqıwshı tap basınan keshirgendey boladı. Ayırım jazıwshılardıń gúrrińlerinde avtor hámme nárseni sırttan baqlap, yadtan qurıp otırǵanday boladı. Nátiyjede waqıyalar oqıwshını isendirmeydi. Al, J.Óteniyazovtıń gúrrińlerinde hár bir qaharman háreketleri, psixologiyası, onıń ózine tán ózgeshelikleri avtor tárepinen sheber qollanılǵanlıǵın personajlardıń dialogları, isháreketleri, oyları, pikirleri, ishki keshirmeleri arqalı anıq kózge taslanadı.

**Ádebiyatlar**

1. Алламбергенова П. Терең идеялы, көркем гүрриңлер керек // Әмиўдәрья. –Нөкис: 1991. №10. 78-б.
2. Сагидуллаева Ж. (Қарақалпақ повестьлеринде стильлик изленислер (1980-жыллар повестьлери мысалында). –Нөкис: 2010, 114-б.
3. Холиқов Б. Детектив роман поэтикаси. –Тошкент: 2016. 11-б.

**РЕЗЮМЕ.** Maqolada J.O‘teniyazov hikoyalarida detektiv shakllarning qo‘llanilishi haqida so‘z boradi. Qoraqalpoq adabiyotidagi detektiv hikoyalarning mohiyati terang o‘rganilib, misollar bilan ifodalangan..

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается использование детективных форм в рассказах Ж.Ўтениязов. Сущность детективов в каракалпакской литературе подробно изучена и выражена на примерах.

**SUMMARY.** The article discusses the use of detective forms in the stories of J. Uteniyazov. The essence of detective stories in Karakalpak literature is studied in detail and expressed with examples.

## М.ЖУМАНАЗАРОВА ҲӘМ П.МЫРЗАБАЕВАНЫҢ ФИЛОСОФИЯЛЫҚ-ИНТЕЛЛЕКТУАЛЛЫҚ ЛИРИКАСЫНДА ЛИРИКАЛЫҚ ХАРАКТЕРДИҢ ЖАРАТЫЛЫЎ ӨЗГЕШЕЛИГИ

**Х.Р.Алиева** – *таяныш докторант*

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар**: шеърият, хотин-қизлар шеърияти, лирика, лирик қаҳрамон, фалсафа, фалсафий-интеллектуал лирика, лирик характер.

**Ключевые слова**: поэзия, женская поэзия, лирика, лирический герой, философия, философо-интеллектуальная лирика, лирический персонаж и др.

**Key words**: poetry, women's poetry, lyrics, lyrical hero, philosophy, philosophical and intellectual lyrics, lyrical character, etc.

Философия – инсанның дүньяда тутқан орны ҳәм дүньяқарасын белгили бир системалы сәўлелендириўши руўхый искерликтиң бир формасы [8:179]. Көркем әдебияттағы поэзиялық шығармалардағы филосифиялық лирикада да лирикалық қаҳарманның әтирапқа, жаратылысқа, пүткил әлемге деген көзқараслары бериледи. Әдебияттаныў илиминде «философиялық лирика» менен бирге «интеллектуал лирика» бойынша бир қанша пикирлер билдирилген.

Интеллектуал лирикаға Д.Қурановтың «Әдебияттаныўға кирисиў» сабақлығында төмендегише тәрип берилген: «Барлықтың конкрет мәселеси – өмир ҳәм өлим, инсан тағдири ямаса минезқулқы, жәмийет ҳ.т.б мәселелер ҳаққындағы шайырдың ой-пикирлери тийкарына қурылған қосықлар инттеллектуал лирика үлгиси саналады» [1:187] - деген пикири бериледи. Илимпаздың бул пикирине үнлес пикирди Б.Қ.Фазлиддиновтың мийнетинде де ушратамыз: «Философиялық-интеллектуал поэзия – лириканың мазмун (проблематика) тәрепинен айырықша түри есапланған философиялық лирика ҳәм интеллектуаллық лирика синтези, ол әлем ҳәм адам мүнәсебетлериниң тағдир, өмир, муҳаббат, өлим сыяқлы мәңгилик машқалалары ҳаққында терең билимге таянып пикир жүритиўден пайда болады. Бунда әдетте *сезимтал сана* менен байланыслы болған эстетикалық заўық ақылый сана қуралы арқалы жүзеге келеди. Философиялық интеллектуаллық лирика көркем пикирлеў менен илимий пикирлеўдиң кесилсикен ноқатында пайда болады. Лирика негизинде сезим турар екен, бул философиялық-интеллектуал лирикада қандай өзгешелик болады? Айтып өтиў керек, бул жөнелистеги қосықларда пикирлеўши кеширме үстинлик етеди. Философиялық-интеллектуал лирикада пикир ҳәм сезим мүнәсибетин төмендегише көрсетиў мүмкин.

– Пикир сезимге қарағанда жетекши орында турады;

– Сезим жәрдемши қурал ўазыйпасын атқарады [9:162].

Бул еки илимпазда философиялық-интеллектуаллық лириканың жанрлық талабында сезимнен пикирдиң яғный ақылдың сезимнен үстемлик етеди деп көрсетеди.

Қарақалпақ әдебияттаныў илиминде ф.и.д., профессор, Қ.Оразымбетов «Лирикалық шығармаларды егер тематикалық жақтан бөлиў керек болса, оны философиялық-медетативлик лирика ҳәм сиясый лирика деп бөлген оның мәнисине жуўап береди»[7:53] деген пикирди билдиреди ҳәм бундай лириканың 80-жыллардың екинши ярымынан баслап ен жайғанын атап өтеди.

Қарақалпақ әдебиятында, соның ишинде ҳаял-қызлар дөретиўшилигинен М.Жуманазарова ҳәм П.Мырзабаева дөретиўшилигинде биз, сезимнен ақылдың үстемлик етиўши философиялық-интеллектуаллық лириканың үлгилерин ушратамыз.

Көпшиликтиң ойына келетуғын дәслепки пикир, ҳаял адамның тәбияты сезимге қуштар болады, олардың дөретиўшилигинде де сезим жетекшилик етеди деп айтыўы да мүмкин. Бирақ, биз, ҳәр еки шайыра қосықларын анализлеп қарағанымызда дөретиўшиси ҳаял-қызлар болыўына қарамастан, сзимлеринен өмир, дүнья, ҳақыйқатылық сыяқлы медетативлик пикирлерди ушратамыз. Мәселен:

Өмир - бул бир дәрбент жолдур,
Кәрўан өтер нешше қыйлы.[5].

Шайыра П.Мырзабаеваның «Өмир - бул бир дәрбент жолдур» деп аталған қосығында өмир философиясы ҳаққында сөз барады. Инсаният дүньяға келер екен әлбетте бул өмирдиң пәс-бәлентин көреди. Шайыр бундай ой-толғанысларды бериўде көркемлеў қураллары ҳәм усылларынан шебер пайдаланған. Қосықтың атамасы менен дәслепки қатардың өзиндеги теңеўде үлкен ой-толғанысларды береди. Өйткени, жол қаншелли узын, кең болмасын оның да қыйыр-шыйыр, шым-шытырық, ойлы-бәлент жоллары болады. Инсан өмири де дәл сондай. Лирикалық қаҳарман өмирдиң бундай қубылысларын ойшаң гүзетеди. «Жүрегим - бир кәрўансарай», «Жаслығым - бул екинши көш» қатарларында биз және де шайырдың индивидуал стилине тән теңеўлерди ушратамыз. Бул арқалы лирикалық қаҳар-

манның өткен өмириниң балалығына, жаслығына деген елеси, оларды аңсаўы бирақ имкансызлық сыяқлы ой-тужырымлары бериледи.

Және де:

Әй әлем кеңлиги,

Кел кеўлиме, кел [6].

«Тилек» деп аталған бул қосығында да философиялық ой-пикирлер менен жазылған болып, лирикалық қаҳарманның дүньяның жаратылысы, жақсылық-жаманлық ҳаққындағы пикирлери тилек формасында берилген. «Дүнья иси» деп аталған қосықтың атамасынан-ақ биз философиялық-интеллектуаллық мазмунды аңлаймыз.

Бир бағ екен дүнья мисли,

Жемислерин жегизер [3]

Қосықта лирикалық қаҳарманның дүньяның ислери, айырым адамлар тәбияты, өмир сынақлары ҳаққындағы көз қараслары берилген. Лирикалық қаҳарман толғанысларында өмир сынақларында көп тапланған, әлўан түрли орталықларды, мәртти де, нәмәртти де көрген инсан гейделенеди. Шайыра М.Жуманазарованың «Қайдасаң, ҳақыйқатлық» деп аталған қосығы П.Мырзабаеваның жоқарыдағы қатарлары менен үнлеседи.

П.Мырзабаеваның «Қызгене» деп аталған қосығы дидактикалық-философиялық мазмунда жазылған. қосықта тек ақыл нәсият берилип қойылмастан өмир жолы ҳаққында да айтылады.

Өмир жолы узақдур,

Ҳәр қәдемде дузақ тур [4].

Лирикалық қаҳарманның қыз балаға әсиресе қарақалпақ қызларына нәсияты берилген. Өмирдиң ҳәр қандай сынағында намысын қорғаў тийислигин, сыртқы гөззаллық, сулыўлықтың бәриниң өткинши екенлиги айтады. Ата-бабалар жолына садық болып, Гүлайымның урпағы екенин умытпаў кереклигин, мақтаўға, шуғыл сөзге ушпаўды үгитлейди. Шайыр ямаса лирикалық қаҳарман бул арқалы, тек өзиниң қызын емес, ал, пүткил қарақалпақ қызларына өмир сабақларын өтеди.

Улыўмаластырып айтқанымызда, П.Мырзабаеваның философиялық-интеллектуаллық қосықларындағы лирикалық қаҳарман өмир, гөззаллық, садықлық ҳаққында жеке инсаный көз қарастан баҳа береди.

Әдебиятшы алым Қ.Оразымбетов «Алдын ала болжаў оншелли дурыс емес, әдеплиликтен де емес шығар, бирақ бизиң ойымызша алдағы ўақытта да қарақалпақ лирикасында философиялық-медетативлик лирика, сиясый лирика баслы орынды ийелейди [7:53] деген пикирди айтады. Бизиңше илимпаз бул болжаўы арқалы, қарақалпақ әдебиятындағы поэзиялық шығармаларындағы мазмунлық саласындағы алдағы жетискенликлерди көре алған. Бизиң изертлеў объектимизге алынған шайыра М.Жуманазарова дөретиўшилигинде жоқарыда илимпаз атап өткендей философиялық-медетативлик лириканы ушратамыз.

М.Жуманазарованың «Мен бир гәда жупын болсам да», «Кел ҳә меўлим», «Ялған», «Әй пәлек», «Орнында турғай», «Қәстерлеп сақлаңлар бир-бириңизди», «Халқым деп айтыўға ҳуқықлы кимлер», «Ҳүжданның маналоги», «Қалай-қалай бул заман» ҳ.т.б қосықларында философиялық-медетативлик мазмунды ушратамыз.

Шайыраның «Өлди, суп-сулыў әрманлар өлди» деп басланатуғын қосығында да инсанның өмири даўамында ушрасатуғын ийман-инсап, ҳүждан, меҳир-мириўбет, мүҳаббат, сабыр-қанаат сыяқлы адамгершилик сезимлери ҳаққында айта келеди де, үшинши бәнтте пикирлер кескинлесип, өсиў динамикасына ийе болады:

Инсан қәлби онда ҳәм кәбир,

Таўсылмады муң нала жәбир [2:76-77]

– бул қатарларда лирикалық қаҳарман инсанның инсанға тийгизген зыянларынан, жәбирлеринен, опасызлықларынан гүйзелиске түседи. Инсан туўылып мазмунлы өмир сүрмей, ләззетли турмыс кеширмей жасаса жалғаншы дүньяда жасаўдың өзи бийкарлығы, босқа өмир кеширетуғынлығы ҳаққында ойланады. Инсан бул дүньяға келер екен, әлбетте, бир-бирине ҳүрмет иззетте болып, меҳир-мүҳаббет, сабыр-қанаат пенен қатнас жасаў тийислигин айтады. Бул арқалы тек бир адамның емес, ал, пүткил инсаниеттың өмир жолын қайғырады.

Және де, биз, шайыраның «Қәстерлеп сақлаңлар бир-бириңизди» қосығында инсанның қәдир-қымбаты мәселеси менен бирге туўылған жерге миллетке деген патриотлық сезимлерди жоқары көтергенин көремиз.

Бул жерге келгениң теңизден тамшы,

Бабамыз әзелден көп жеген қамшы [2:8-9.].

Қосық дидактикалық нәсиятлаў мазмунында жазылған болып, 11 шуўмақтан ибарат. Дәслепки шуўмағындағы «Ҳасылдың қыяғы, тулпар туяғы» қатарлары халқымыздың ҳәр бир перзентин жоқары, уллы, зыялы деп баҳалап, бир-бирин абайлап, сақлаўға шақырады. Екинши шуўмақта болса, бул мәсканда туўылғанының өзи бахыт санаўын айта отырып, халқымыздың узақ тарийхына пикир жүритеди де, дүнья ҳаққындағы философиялық ой-пикирлери бериледи. Кейинги шуўмақларда болса мен-менликке берилмей, шуғыл сөзге ермей жәмлесип, шайыр, данышпан, батыр болып бир-бирин қәстерлеп абайлаўға шақырады. «Көп емес дүньяда қарақалпақ аз, Ҳәр бириң ушыға, ҳәр бириң алмаз» қатарлары арқалы болса, аз санлы қарақалпақ халқының әзизлигин, бир-бирин ушығаның қыйқымындай қәстерлеў тийислигин жырлайды. Шайыраның бул қосығында лирикалық қаҳарманның дидактикалық пикирлери арқалы инсаниеттың өмирде жасаўдан мазмуны ҳәм жәмийеттеги орны мәселеси бериледи.

Бул не ғарғысыңба яки пешең бе?

Жақсылар қуўрылар жаман дәстинен, [2:13-14]

«Әй пәлек» деп аталған бул қосығында болса, жәмийеттеги жақсылық ҳәм жаманлық, мәртлик-нәмәртлик, пәклик-нәпәклик сыяқлы иллетлер ҳаққында антитезалық усылда, сөз етиледи. «Бул дүньяның пүтин турыўы, Мийримнен, өссин де, мийрим бағлары» – қатарларында лирикалық қаҳарман ҳәр бир инсанның кеўлинде мийрим, муҳаббат сыяқлы сезимлер болса пүткил әлемниң қулпыратуғынлығын айтады.

«Ялган» қосығында да дүнья, жаратылыс, инсан мәселелери ҳаққында сөз барады.

Қалай-қалай бул заман,

Жас жетпей өлген көп [2:134-135]

«Қалай-қалай бул заман» атамасындағы бул қосығында болса, бүгинги дәўир, түрли кеселликлер, экология машқаласы, ҳәр түрли өлимшиликлер, қараўсыз халық тәғдири жөнинде айтылады. Лирикалық қаҳарман бундай жүрек пароги, қан басымы, баўыр, бүйрек кеселликлериниң себеплерин, шор суў, патас ҳаўа, дузлы самаллардан көрип халықтың бүгинин ҳәм ертеңи ҳаққында терең ой жүритеди.

Шайыра М.Жуманазарованың қосықларында инсаният, өмир, өлим, келешек сыяқлы мәселелерге философиялық ой жүритиў менен шекленип қалмастан, мине усы сыяқлы мәселелерге жәмийетлик көз қарастан қайғырады.

Жуўмақластырып айтқанымызда, М.Жуманазарова дөретиўшилигинде жоқарыда көрсатилген белгилерди есапқа алып, филосориялық-медетативлик мазмундағы қосықлардың жетекшилик ететуғынлығын көрсете аламамыз. Ал, П.Мырзабаева қосықларында болса, өмир дүнья ҳаққында пикирлери лирикалық қаҳарманы жеке «мен»лик көз қарастан философиялық-интеллектуаллық лирикасында айқынырақ етип бериледи.

**Әдебиятлар**

1. Quranov D. Adabiyotshunoslikka kirish. – Toshkent: «Xalq merosi» 2004, 187-b.
2. Жуманазарова М. Таңламалы шығармалары. –Нөкис: «Билим», 2019, 134-135-б.
3. Мырзабаева П. Дүнья иси.// https://t.me/a_blognot
4. Мырзабаева П. Қызгене.// https://t.me/a_blognot
5. Мырзабаева П. Өмир - бул бир дәрбент жолдур. // https://t.me/a_blognot
6. Мырзабаева П. Тилек.// https://t.me/a_blognot
7. Оразымбетов Қ. Таңламалы шығармалар топламы. Еки томлық. I том. –Нөкис: «Билим», 2018, 53-б.
8. Ўзбекистон миллий энциклопедияси. Тошкент: Ўзбекистон миллий энциклопедияси. 2005, жилд 9. 179-б.
9. Фазлиддинов Б.Қ. «XX әсир өзбек философиялық интеллектуал поэзиясы. (Ғафур Ғулам, Асқад Мухтар, Рауф Парфи дөретиўшилиги мысалында) Филол. фанлар. PhD…дисс. -Т.: 2019. 162- б.



**РЕЗЮМЕ.** Мазкур мақолада шоира М.Жуманазарова ва П.Мирзабаева ижодидаги фалсафий-интеллектуал лирика ва ундаги лирик қаҳрамон масаласи ўрганилади.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается вопросы философо-интеллектуальной лирики и лирического героя в творчестве поэтесс М.Джуманазаровой и П.Мырзабаевой.

**SUMMARY.** This article examines the philosophical-intellectual lyrics and the lyrical hero in the works of poetess M.Jumanazarova and P.Mirzabaeva.


## ТАРИХИЙ ҲИКОЯЛАРДА ТАРИХИЙ ОБРАЗЛАР ТАЛҚИНИ


**З.М.Амирқулова** – *филология фанлари бўйича фалсафа доктори*

*Термиз давлат университети*



**Таянч сўзлар:** тарих, ҳикоя, адабиёт, образ, мустақиллик, ижодкор, муаллиф, Заҳириддин Муҳаммад Бобур, Аҳмад Танбал, Жаҳонгир мирзо.

**Ключевые слова:** история, рассказ, литература, образ, независимость, создатель, автор, Захириддин Мухаммед Бабур, Ахмад Танбал, Джахонгир.

**Key words:** history, story, literature, image, independence, creator, author, Zakhiriddin Muhammad Babur, Ahmad Tanbal, Jahongir.


Ўзбек адабиётида тарихий шахслар мавзусида асарлар яратиш муҳим аньана сифатида яшаб келади. Бу мавзу нафақат ўзбек адабиётида, балки жаҳон адабиётининг таниқли ижодкорларининг диққат-эътиборини ўзига жалб қилиб келади.

Мамлакатимизда мустақиллик – бу соҳага катта имкониятлар эшигини очиб берди. Натижада ўзбек адабиётида ҳам тарихий шахслар мавзусида ёзилган қатор бадиий асарлар юзага келди. Маълумки, мустақилликкача бўлган давр адабиётида бу мавзу–бадиий жиҳатдан ўзгача талқин қилинар эди. Тарихий шахслар ҳақидаги асарлар (собиқ шўро даври) тарихий фактлар йиғиндисидан иборат бўлиб, улар тарихий шахслар ҳаёти ва фаолияти воқеаларини ўз ичига қамраган бўлар эди. Ҳозирги давр ўзбек ҳикоячилигида тарихий шахслар мавзуси салмоқли ўрин эгаллайди. Бу мавзу ҳикоянавислар диққкат-эътиборини тобора ўзига жалб қила бошлади. Мустақилликка қадар, хусусан, 90- йилларга қадар тарихий шахслар ҳаёти ва ижодий фаолияти ҳақидаги маълумотлар тасвирини бузиб кўрсатиш юзаки тасвири билан овора бўлиб қолган эдик. Кўпгина ҳикоянавислар улар ҳақидаги маълумотларни янги давр талаби асосида йирик бадиий масалалар томон кескин юз ўгирдилар.

Тарихий шахслар мавзусидаги ҳикояларнинг уфқи анча кенг, уларда ифодаланган ҳаёт лавҳалари ранг-баранг яратилган. Улардаги қаҳрамонлар ҳар хил характер эгалари, турли ёшдаги кишилардир. Улар орасида шоҳлар-гадолар, ижод аҳли, ёшу- кексаларни учратиш мумкин.

Ҳозирга келиб бу мавзуга эътиборнинг бу қадар ортиб бориши тасодифий эмас. Ҳар бир давр шахсларининг, қаҳрамонларининг ўзига хос характери бўлади. Тарихий мавзуга эътиборни қаратиш билан бу асарларнинг ўзида хам қатор янги хислатлар пайдо бўлмоқда. Энг муҳими, бу ҳикоялар қаҳрамонларининг янги очилмаган қирралари, улар ҳақидаги янги маълумотлар бўлиб янгича талқин бўлиб ҳаётимизга кириб келмоқда.

Ҳикоянависларимиз Раҳимжон Отаев “Ҳадди Искандарий”, “Дийдор”, “ Қорасув”, “Маҳмудлар”туркуми, Луқмон Бўрихон “Алдоқчи тунлар”, Шоим Бўтаев “Ҳисоммидин ал- Ёғий”, Хуршид Дўстмуҳаммад “Қазо бўлган намоз” каби ҳикояларида тарихий шахслар образлари галлереясини яратдилар.

Тарихий шахс қисматида бутун бир жамият, ҳалқ қисмати акс этган бўлади. Бу типдаги ҳикоялар қаҳрамонлари сиймоси атрофида ёзувлар, фазилатли инсонлар, ахмоқлар ёки ижодкорлар ҳам бўлиши тарихий хақиқат.

Тарихий шахснинг жамиятда тутган ўрни, адолат ва адолатсизлиги бадиий образлар силсиласида қайсидир йўналишда ўз ифодасини топди.

Тарихий шахс ва жамият воқелиги билан унинг бадиий ифодаси ўртасидаги тасвир боғлиқлиги ижодкорнинг маҳоратига деопозонига боғлиқ бўлиб қолган. Ҳикоя жанрининг вазифалари унинг илмий қонун- қоидалари асосида тарихий тадқиқотлар ўзи мужассамлигини топади. Шахс қисматида тарихий фактлар бадиий образларда ёритиб берган. Шунингдек ўша орқали бадиий тўқима образларда ҳам усталик билан фойдаланган асар қатига сингдирилган. Шу орқали тарихий шахс китобхон кўз ўнгида ўз заифлиги ва адолат ёки ёвузлиги намоён бўлади. Воқеа-ҳодисаларнинг туб моҳиятини белгилаб олган ва бадиий образлар ҳаракати орқали бир бутунликка эришган. Бу ҳикоя ўз моҳият эътибори билан ёзувчидан илмий - назарий жиҳатларига эътибор беришни талаб қилган. Истиқлол туфайли қайта тикланаётган миллий тарихимизни тўғри англаш учун уни бадиий адабиётда ҳаққоний акс эттириш талаб этилади. Ижодкорларимиз шу масъулиятни чуқур ҳис қилиб, ижодий эркинликдан фойдаланган ҳолда тарихий мавзуда кўплаб асарлар ёздилар. Уларда Беруний, Амир Темур, Мирзо Улуғбек, Маҳмуд Қошғарий, Маҳмуд Замахшарий, Алишер Навоий каби аждодларимиз образлари маҳорат билан яратилди.

Ана шундай аждодларимизнинг ҳаёт йўлини ўз асарларида маҳорат билан тасвирлаган ижодкорлардан бири Хайриддин Султоновдир. Ушбу ижодкор “Паноҳ” ҳикоясида тарихий мавзуда янгича муносабат билан бир қатор ҳикоялар ёзди. Хусусан, ижодкор ўз асарларида Заҳириддин Муҳаммад Бобур образини жонли ва ишончли тарзда ифодалашга ҳаракат қилган.

Асар муаллифи 1992 йили бобурийлар изларини излаб Эрон, Туркия, Сурия, Иордания, Саудия Арабистони, Бирлашган Араб Амирликлари, Покистон, Афғонистон мамлакатлари бўйлаб ташкил этилган илмий экспедиция таркибида иштирок этди. Сафар таассуротлари, хотира ва ҳаяжонлари, улар давомида аждодларимизнинг бемисл маданий мероси, уларнинг зафар-фожиалари, кечмиш-изтироблари, келгуси